


AYITI BEZWEN IMANITÈ AK PLAN REPONS

Rezime egzekitif

PWOSESIS
PROGRAMASYON
IMANITÈ
2026

PIBLIYE NAN
MWA DESANM 2026



Popilasyon
total

11,9M

Moun ki nan
bezwen

6,4M

Moun ki
sible

4,2M

Moun ki gen
priorite

3,3M


Bezwen
finansye

\$880M

Bezwen finansye
ki priorize

\$680M


Bezwen sevè pa komin ak kantite moun ki sible ak priorize, pa rapò ak kantite moun ki nan bezwen pa depatman




Koudèy sou bezwen yo ak kantite moun chak sektè ta renmen asiste

SEKTÈ	MOUN KI NAN BEZWEN	MOUN KI SIBLE	PRIYORIZE	PWOPOSYON	LAJAN YO BEZWEN INISYAL	PRIYORIZE
Abris & BNA	4,2M	590k	407k		\$60,6M	\$48,5M
CCCM	2,1M	572k	572k		\$17M	\$17M
Edikasyon	1,5M	982k	722k		\$61,7M	\$53M
Dlo, ijyèn ak lapwòpte	3,5M	1,4M	1M		\$71,9M	\$53,5M
Nitrisyon	1,2M	946k	718k		\$40,7M	\$37,1M
Pwoteksyon	2,2M	1,2M	1M		\$70,6M	\$57,2M
Sante	4,9M	2,7M	1,8M		\$69,2M	\$36M
Sekirite alimantè	5,9M	3,5M	2,5M		\$423,5M	\$313M
Kowòdinasyon	-	-	-		\$6,7M	\$6,7M
Lojistik	-	-	-		\$21,1M	\$21,1M
Transfè lajan pou divès aktivite	-	353k	353k		\$37,3M	\$37,3M
	6,4M	4,2M	3,3M		880,3M	680,4M


Bezwen pa sèks ak laj




Moun ki sible pa sèks ak laj yo



Evolisyon kanite moun ki nan bezwen ak moun ki pa sible



Istwa bezwen finasye (US\$)




- 1,4M** Moun ki kouri kite lakay yo
- 360k** Depòtasyonki ta dwe fèt pou lane 2026 la
- 5,9M** Moun ki nan ensekirite alimantè (projeksyon 2026)
- 294k** timoun soufri malnitrisyon
- 4 384** kantite moun yo touye nan lane 2025 (jan-sep)
- 600** kidnapi nan lane 2025 (jan-sep)
- 27** Ka vyolans sou fanm, gason, tifi ak tigason (an mwayèn)

- 10 %** lopital k ap mache kòmsadwa
- 1 606** lekòl ki fèmnen
- 26 %** moun k ap viv sou sit yo ki pa jwenn dlo pwòp
- 4 309** Ka yo sispèk ki se kolera an 2025 (jan-des)

Kontèks ak evolisyon kriz la

Kriz imanitè a an Ayiti ap deteryore san kanpe, sa ki lakòz bezwen imanitè yo ogmante, epi bay gwo kè sote. Enstabilite politik ak ensekirite k ap vale teren, difikilte ekonomik, feblès nan sèvis debaz yo, pwopagasyon vyolans ak zam destabilize peyi a plis toujou. Anplis dep拉斯man fòse, peyi a fè fas kare ak anpil ka vyolans seksyèl, ensekirite alimantè grav, feblès estriktirèl ak enstitisyonèl epi danje klimatik ki pa kanpe. Siklòn Melisa nan mwa Oktòb 2025 te lakòz lanmò omwen 46 moun, li te detwi oswa domaje prèske 842,400 kay ak enfrastrikti, epi li te deranje mwayen sibzistans yo. Ka kolera yo ki ogmante an 2025 diferan ak diminisyon ka ki te genyen an 2024 yo. Ogmantasyon sa te agrave sitistasyon sanitè a, patikilyèman nan anpil zòn kote aksè a dlo potab ak sanitasyon limite.

6.4 milyon Ayisyen—plis pase mwaye popilasyon an—ap bezwen asistans imanitè prese prese an 2026, konpare ak 6 milyon an 2025, yon ogmantasyon ki se 6.7%. Dep拉斯man entèn akòz vyolans ak zam double konpare ak menm peryòd ane anvan an. Rive nan mwa septanm 2025, te gen prèske 1.4 milyon moun ki te deplase, sa reprezante 12% nan popilasyon total Ayiti a. Pandan ke Pòtoprens te episan kriz la an 2024, dinamik dep拉斯man an te chanje rapidman: 69% nan mouvman ki te anrejistre ant janvye ak septanm 2025 yo te fèt nan pwovens yo, patikilyèman nan Sant ak Latibonit, sa ki endike yon deteryorasyon nan sekirite nan zòn pwovens yo. Ensekirite tribòbabò nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan ak pwopagasyon li nan pwovens yo paralize ekonomi ayisyèn nan epi limite aksè pou jwenn manje. Yon previzyon ki soti



mas pou rive jen 2026 fè konnen 5.9 milyon moun pap ka manje.

Anplis de sa, ensekirite jeneralize sa a, mete sou feblès estriktirèl ki pa kanpe deranje sèvis sante nan tout peyi a, sa ki lakòz anpil etablisman fèmen, tankou sal matènite ak operasyon, sa ki limite aksè a swen pou fanm ansent ak timoun ki fenk fèt. Nan tout peyi a, se sèlman 10% nan etablisman swen sante ki gen kapasite pou kenbe/etènè malad ki ap fonksyone konplètman. Nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan, chif sa a se sèlman 11%, malgre se rejyon ki gen plis moun nan peyi a.

Estrateji repons pou lane 2026

Repons imanité pou lane 2026 la vize diminye risk imedya ki peze sou popilasyon an, estabilize fanmi ki pi afekte pa chòk yo, epi ranfòse aksè yo ak sèvis debaz yo, nan yon kontèks kote ensekirite, depasman ak katastwòf natirèl ap repete.

Repons nan plizyè sektè ap konsantre nan Depatman Lwès, Sant ak Latibonit, kote vyolans ak zam ak depòtasyon ap kontinye kreye bezwen ki pi ijan. Yon zouti pou swiv ak reponn nouvo moun k ap deplase, epi sitèm kowòdinasyon (ETT/DTM, sou sektè, sektè) ki aktive nan Latibonit ak Sant, ap pèmèt yon kowòdinasyon ki pi prè lokalite yo. Nan zòn ki pi estab tankou Gran Sid ak Grand Nò, kote anpil moun ki kouri kite lakay yo al refije, repons lan ap chèche sipòte entegrasyon lokal moun sa yo, diminye presyon sou kominote k ap resevwa yo, epi anpeche tansyon sosyal, nan yon kowòdinasyon sere ak aktè k ap travay pou relèvman.

Estrateji sa yo ap pèmèt nou jwenn rezilta sa yo:

- Diminye risk pwoteksyon gras ak entegrasyon aspè pwoteksyon nan tout sektè yo ak

ranfòsman mekanis kominotè yo kila pou idantifye ak akonpaye.

- Ogmante aksè ak asistans vital yo tankou dlo, sante, manje, kay, transfè lajan pou fanmi k ap fè fas ak vyolans, depasman oswa kondisyon lavi ki degrade.
- Ranfòse rezilyans fanmi yo gras ak plis sipò nan transfè lajan pou sèvis debaz yo ak aksyon ki pèmèt nou aji avan chòk yo.
- Estabilize zòn ki resevwa moun ki kouri kite lakay yo pandan n ap bay yon repons ki konplete aksyon relèvman yo, epi soutni tèt ansanm ak solisyon dirab.
- Amelyore aksè imanité nan zòn ki pi difisil yo avèk patenarya lokal ak estrateji negosyasyon ki adapte a kontèks la.
- Kapasite entèkansyon ki pi rapid ak pi byen kowòdone gras ak mobilizasyon mekanis ijans yo, yon pi bon analiz bezwen ak zouti planifikasyon pou reponn avan yon chòk.

Objektif estratejik 1

Sove lavi epi soulaje soufrans.

Diminye maladi ak lanmò ki gen pou wè ak kriz la pandan n ap bay yon asistans rapid pou sove lavi, ak bon jan kalite ki adapte pou tout gwoup moun epi ki respekte tout prensip imanité yo.

Objektif estratejik 2

Garanti sekirite ak pwoteksyon dwa yo.

Pwoteje diyite ak dwa moun ki afekte pa kriz la jan sa dwe fèt selon nòm ak prensip entènasyonal yo.

Objektif estratejik 3

Kenbe lavi ak mwayen pou moun ka viv.

Asire tout moun gen aksè egal ak dirab a sèvis debaz ak mwayen pou viv, pou prezève diyite yo epi ede yo vin pi rezistan ak endepandan fas ak kriz la epi diminye risk pou yo fè chwa ki ka gen move konsekans sou lavi yo.